



Biwo enskripsyon elèv/lekòl adomisil

Fòm Federal pou Paran/Responsab sou Idantite Ras ak Etnisite Elèv (Fòm PSE)

Chè paran/responsab:

Fòm sa a la pou adrese lwa federal konsènan idantite etnik ak ras elèv yo. **Enfòmasyon w bay yo ap rete konfidansyèl.** Yo pa p fè okenn diskriminasyon kont pitit ou a akòz enfòmasyon w ap bay yo.

Tanpri reponn kesyon sou etnisite ak idantifikasyon ras yo. Premye kesyon an ba w yon chans pou fè konnen si pitit ou a gen orijin ispanik, latino oswa panyòl. Dezyèm kesyon an ba w yon chans pou fè konnen ras pitit ou a. Gouvènman federal bay opsyon pou ka chwazi. Tanpri reponn tout kesyon yo.

Nou konprann nati sansib pwosesis la. Opsyon yo ka pa reprezante yon deskripsyon konplè oswa presi sou pwòp idantifikasyon etnisite oswa ras fanmi w. Nou ankouraje w pou itilize bon sans ou lè w ap chwazi opsyon yo. Si w deside pa raponn, règleman federal egzije pou estaf lekòl NYCDOE reponn nan plas ou.

Mèsi pou kolaborasyon w.

Siyati	Non	Dezyèm non
Dat nesans (mwa/jou/ane)	Nimewo OSIS (si w konnen li)	

1. Èske elèv la se ispanik, latino, oswa orijin panyòl? Ispanik, latino oswa orijin panyòl vle di yon moun ki sòti Kiba, Repiblik Dominikèn, Meksik, Pòtoriko, Amerik santral oswa Amerikdisid, oswa lòt kilti orijin panyòl, kèlkeswa ras li.

(√)	<i>tcheke kazyè ki dekri pitit ou a pi byen.</i>
	W Ispanik, Latino, oswa orijin Panyòl
	NON, li pa Ispanik, Latino, oswa orijin Panyòl

2. Chwazi youn oswa plizyè ras nan senk gwoup ras sa yo.

(√)	Group rasyal (<i>tyeke tout kazyè ki konsène pitit ou a</i>)
	ENDYEN AMERIKEN OSWA NATIFNATAL ALASKA: Yon moun ki gen orijin nan nenpòt nan premye moun ki t ap viv ann Amerikdinò ak Amerikdisid (ladan Amerik santral).
	AZYATIK: Yon moun ki gen zansèt pami nenpòt nan premye moun ki sòti ekstrèm oryan (ekstrèm oryan), Azi Sid Ès, oswa Sou-Kontinan endyen paegzanp, Kanbòdj, Lachin, End, Japon, Kore, Malezi, Pakistan, Filipin, Taylann, ak Vyetnam.
	NATIF AWAYI OSWA MOUN LÒT ZILE PASIFIK: Yon moun ki gen zansèt li pami nenpòt nan premye moun ki t ap viv Awayi, Guam, oswa lòt zile Pasifik.
	NWA: Yon moun ki gen zansèt li pami nenpòt nan group ras Nwa Afrik yo.
	BLAN: Yon moun ki gen zansèt li pami nenpòt nan premye moun Ewòp, Afrik Nò, oswa Mwayen-Oryan.

3. Nan ki lang ou prefere kominike?

(√)	Lang an prefere ou itilize pou kominike
Pale	
Ekri	

Non paran/responsab: (byen ekri non) _____ Dat: _____